



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AVANSE FON TRANSFÒMASYON SUNY KI KOUTE 75 MILYON DOLA POU AMELYORE SIKSÈ ELÈV YO, SIPÒTE INOVASYON, AK EDE SATISFÈ BEZWEN MENDÈV YO**

*Fon an ede elèv yo rete sou bon chemen an ak sipò ki pwouve, ki rantab; ki adrese lojman ak ensekirite alimantè; ak ogmante mobilite ekonomik*

*Li antre nan kad investisman istorik Gouvènè Hochul nan SUNY ak nan edikasyon siperyè nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konsèy pou avanse 75 milyon dola Fon Transfòmasyon SUNY pou amelyore siksè elèv yo, sipòte inovasyon, epi ede satisfè bezwen mendèv eta alavni. Nan kad investisman istorik Gouvènè a nan SUNY ak edikasyon siperyè nan bidjè 2024 la ki te adopte a, Fon Transfòmasyon an fèt pou ede elèv yo rete sou bon chemen an pou jwenn yon diplòm kolèj oswa yon kalifikasyon ak sipò ki pwouve, ki rantab, pandan y ap adrese lojman ak ensekirite alimantè, epi ogmante mobilite ekonomik.

"Bon kalite edikasyon siperyè piblik se yon motè mobilite sosyal ki gen pouvwa pou chanje lavi, menm jan li te fè pou pwòp fanmi mwen." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou kreye pi bon enstitisyon edikasyon piblik nan peyi a pou plis elèv ka bati yon avni briyan pou tèt yo epi yo ka ekipe pou okipe travay alavni yo."

Jan Konsèy Administrasyon SUNY an te apwouve, tout kanpis SUNY pral resevwa finansman pandan ane akademik 2023-2024 la. Fon Transfòmasyon an pral itilize tou pou amelyore sèvis sipò elèv yo, amelyore pwogram akademik yo, ogmante enskripsyon yo, ak modènize operasyon kanpis la.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Gras ak Gouvènè Kathy Hochul ak Lejislati Eta New York la, SUNY deja konstate yon investisman san parèy pou ranfòse inisyativ nan tout sistèm nan ak nan kanpis la, ki te ouvri pòt nan yon edikasyon kolèj pou tout Nouyòkè yo. Atravè Fon Transfòmasyon an, SUNY ak 64 kanpis nou yo pral finanse estrateji ki baze sou prèv ki prepare plis elèv pou karyè nan djòb ki gen anpil demand epi ki simonte obstak ki anpeche elèv yo fini edikasyon yo alè."

**Senatè Eta New York la, ak Prezidan Komite Edikasyon Siperyè Sena a, Toby Ann Stavisky, te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Edikasyon Siperyè Sena a, mwen te travay sere ak Asanble a ak biwo Gouvènè a pou sekirize investisman istorik nan sistèm SUNY nou an. Nou konnen avni New York depann de edike pwochen jenerasyon travayè swen sante yo, inovatè teknolojik yo, ak lòt pwofesyonèl enpòtan ki gen anpil demand yo. Finansman sa a pral ede ranvèse deklive enskripsyon yo nan retire obstak anpil nan elèv nou yo rankontre pou atenn objektif edikasyon yo. Li esansyèl pou nou edike yon nouvo jenerasyon elèv jodi a pou espas travay la ak travay demen yo."

**Prezidan Asanble Edikasyon Siperyè a, Patricia Fahy, te deklare,** "Nou konnen pou elèv New York yo reyisi akademikman ak odela kanpis kolèj ak inivèsite nou yo, yo dwe gen yon sistèm sipò solid ak konplè. Sa gen ladann sipò pou elèv yo nan sa ki gen pou wè ak lojman, ensekirite alimantè, ak plis ankò, pandan y ap asire yo pare pou antre nan mendèv la, pare pou karyè, ak ranpli djòb ki gen gwo demand epi k ap bezwen moun ki kalifye nan ekonomi demen an. Mwen fyè dèske bidjè Ane Fiskal 2024 New York la investi resous ki nesèsè pou adrese bezwen fondamantal sa yo ki pral finalman asire ke plis elèv yo kapab reyalize rèv yo genyen pou yo rive jwenn yon edikasyon siperyè ak ranfòse ekonomi nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Rektè King, ak Prezidan Edikasyon Siperyè Sena a Toby Ann Stavisky pou travay, kolaborasyon, ak vizyon yo nan fè Fon Transfòmasyon SUNY an vin yon reyalite."

**Prezidan Asosyasyon Ofisyè Egzekitif Edikasyon Siperyè Eta a Rob Anderson, te deklare,** "SUNY ap trase chemen an nan pwogram ki pote transfòmasyon pou sipòte elèv yo atravè edikasyon siperyè ak nan mendèv la. Nou bat bravo pou investisman enpòtan New York sa a fè pou amelyore siksè elèv yo epi nou pa ka tann pou nou wè enpak mete bezwen elèv yo nan premye plan."

**Prezidan Enstiti pou Aksè & Siksè Kolèj yo, Sameer Gadkaree, te deklare,** "Nou kontan wè New York ap investi nan tout eta a nan apwòch konplè pou siksè elèv ki pwouve, nan New York ak atravè peyi a, pou ede plis elèv fini diplòm yo ak antre nan karyè ki pote siksè. Investisman New York ka sèvi kòm yon modèl ki ka repwodwi pou lòt eta yo."

Kanpis yo pral soumèt plan an ankò ak kategori sa yo:

- **Omwen mwaye nan alokasyon chak kanpis dwe itilize pou:**
  - ***Amelyore Mobilite Ekonomik Atravè Elajiisman Opòtinite Edikasyon ak Fòmasyon Mendèv:*** Elaji opòtinite edikasyon ak fòmasyon mendèv an patenarya ak anplwayè yo nan domèn ki gen anpil demann yo tankou pwofesyon ki gen rapò ak semi-kondiktè, entelijans atifisyèl, sibè sekirite, ak enèji renouvlab; ogmante plas pwogram devlopman mendèv pou elèv ak adilt k ap aprann yo ki an akò ak bezwen reyonal yo.
  - ***Ogmante Retansyon ak Achèyman Elèv k ap chèche Diplòm yo:*** Repwodui modèl pwogram achèyman ki baze sou prèv ki gen

anpil siksè Etid Akselere nan Pwogram Asosye (Accelerated Study in Associate Programs, ASAP) ak Akselere, Acheve, ak Engage (Accelerate, Complete, and Engage, ACE), ki te montre nan esè kontwole randomize pou amelyore yon fason konsiderab pousantaj achèvmman diplòm asosye ak syans epi ede konbe eka opòtinite yo. Sipò gen ladan egzansyon ekolaj, finansman pou ede ak depans vwayaj ak liv, asistans akademik, konsèy konplè pèsonalize, ak aktivite devlopman karyè.

- **Yo ka itilize jiska mwaye nan alokasyon chak kanpis pou:**
  - ***Elaji oswa Lanse Pakou Transfè San pwoblèm:*** Elaji oswa lanse pwogram admisyon konjwen/otomatik pou elèv yo ant kolèj kominotè yo ak enstitisyon ki bay diplòm lisans yo (tankou Pwogram Avantaj Binghamton lan), amelyore konsèy transfè epi rasyonnalize pwosesis evalyasyon kredi yo, epi amelyore oswa kreye pwogram oryantasyon ak konsèy espesyalman pou elèv ki transfere yo pou amelyore tranzisyon an epi amelyore sans apatenans elèv yo nan kolèj lisans yo.
  - ***Ogmante Efikasite Operasyonèl ak Elimine Redondans:*** Devlope ak aplike sèvis pataje ak fonksyon administratif pou rasyonnalize livrezon sèvis yo epi reyalize ekonomi nan pri pou kanpis yo, epi amelyore espesyalizasyon rejyonal yo pou bay plis efò rekritman ki pi konsantre epi reponn a bezwen mendèv lokal yo. Yon egzanp travay sa a se pwogram ki anrejistre ansanm ki koute chè kote elèv yo ranpli kondisyon edikasyon jeneral yo sou yon kanpis epi resevwa edikasyon espesyalize ak fòmasyon sou yon lòt kanpis.
  - ***Bay Sipò Esansyèl pou Elèv yo pou Popilasyon Sible ki pa Jwenn ase Sèvis yo:*** Abòde baryè gwoup etidyan espesifik yo rankontre—pa egzanp, benefisyè sibvansyon Pell yo, elèv ki nan ensekirite lojman, veteran, elèv ki gen andikap—atravè sipò ki klèman defini tankou adrese ensekirite alimantè, sante mantal, ak solisyon transpò lè yo sèvi avèk modèl ki baze sou prèv.

###